№ 01-12/05-46
26.01.2026-ж.

«ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН»
Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы

____________ А.Орынбаев
«_26_» январь 2026-жыл

# Қарақалпақстан Республикасында 2026-жылда жасларды ўатансүйиўшилик руўхында тәрбиялаў, интеллектуал қәбилетин раўажландырыў, ҳуқықый саўатқанлығын арттырыў ҳәм олардың бос ўақытларын мазмунлы шөлкемлестириўге қаратылған илажлардың ЖОЛ КАРТАСЫ

| Т/с | Иләжлар атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| **I. Тараўды санластырыў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар** | | | | | |
| 1. | Жаслар арасында компьютер технологиялары ҳәм жасалма интеллекттен нәтийжели пайдаланыў бағдарында **"Ең жақсы веб-сайт", "Ең жақсы бағдарлама" ҳәм "Ең жақсы мобил қосымша"** сыяқлы таңлаўларды шөлкемлестириў | 1. Таңлаў режесин ислеп шығыў, исши топарды қәлиплестириў, таңлаў ҳаққында ҒХҚ ҳәм социаллық тармақлар арқалы дағазалар бериў арқалы үгит-нәсиятлаў жумысларын алып барыў;<br>2. Таңлаўды жоқары дәрежеде өткериў, жеңимпазларын хошаметлеў ҳәм ҒХҚ арқалы сәўлелендириў. | 2026-жыл реже тийкарында | *Аймақлық "Жаслар дәптери" фонды есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, Санлы технологиялар басқармасы |
| 2. | **"Техноблог"** - санлы дүньяға саналы қәдем" жойбарын әмелге асырыў. | 1. Гаджетлер, қосымшалар ҳәм Ай-Ти технологиялары имканиятлары ҳаққында 15 контент таярлаў;<br>2. YouTube, Instagram, Telegram ҳәм TikTok арқалы қысқа, қызықлы ҳәм пайдалы видео шығарыў. | 2026-жыл даўамында | *Аймақлық "Жаслар дәптери" фонды есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, Санлы технлогиялары басқармасы |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| **II. IT жөнелиси бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар** | | | | | |
| 3. | Қарақалпақстан Республикасында **IT экспорт көлемин** арттырыў. | 1. Қала ҳәм районлар кесиминде IT тараўында экспорт көрсеткишлерин шереклер кесиминде бөлистириў;<br>2. Экспорт көлемин жыл жуўмағына шекем **500 мың доллар**ға жеткериў. | 2026-жыл Январь<br><br>ҳар шеректе | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы, Санлы технологиялар басқармасы |
| 4. | Қарақалпақстан Республикасында ишки **IT хызметлер көлемин** арттырыў. | 1. Қала ҳәм районлар кесиминде IT тараўында ишки хызметлер көрсеткишлерин шереклер кесиминде бөлистириў;<br>2. Ишки хызметлер көлемин жыл жуўмағына шекем **3 млдр сўм**ға жеткериў. | 2026-жыл Январь<br><br>Ҳәр шеректе | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы, Санлы технологиялар басқармасы |
| **III. Тараўға жасалма интеллект технологияларын енгизиў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар** | | | | | |
| 5. | Жаслар ислери агентлиги хызметкерлери ҳәм мәҳәлле жаслар жетекшилери ушын "**Жасалма интеллект саўатлылығы**" оқыў курсларын шөлкемлестириў. | 1. Оқыў курсларының бағдарламасы ҳәм режелерин ислеп шығыў;<br>2. Реже тийкарында илажларды әмелге асырыў;<br>3. Ҳәр шеректе оқыў курслары бойынша мониторинг жумысларын алып барыў | 2026-жыл Февраль-<br>реже тийкарында<br>Ҳәр шеректе | *Жаслар ислери агентлиги қаржылары есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, Санлы технологиялар басқармасы |
| 6. | **Жасалма интеллект хакатон** жарысын өткериў. | 1. Қатнасыўшылар тәрепинен әмелге асырылатуғын шәртлерди ислеп шығыў ҳәм тасыйықлаў;<br>2. Дағаза ҳәм PR компаниясын өткериў ҳәм қәбилет жасларды таңлап алыў. | 2026-жыл сентябрь | *Жаслар ислери агентлиги қаржылары есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, Санлы технологиялар басқармасы |
| 7. | **"Бес миллион жасалма интеллект жетекшилери"** бағдарламасын әмелге асырыў. | 1. Жаслар тараўындағы барлық шөлкем хызметкерлери "Бес миллион жасалма интеллект жетекшилери" бағдарламасы бойынша сертификатларын оқып алыў;<br>2. Бағдарлама бойынша ҒХҚ арқалы үгит-нәсиятлаў жумысларын алып барыў. | 2026-жыл даўамында | *Жаслар ислери агентлиги қаржылары есабынан* | Санлы технологиялар басқармасы,<br>Жаслар ислери басқармасы,<br>Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги,<br>Қарақалпақстан телерадиокомпаниясы |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жууапкер министрлик хәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| 8. | Жаслардың IT тараўына болған қызығыўшылықларын арттырыў хәм идеяларын қоллап-қуўатлаў мақсетинде **IT** хәм **AI робототехника оқыў курс**ларын шөлкемлестириў. | 1. Оқыў курсларын шөлкемлестириўши резидентлерди излеп табыў;<br>2. IT хәм AI робототехника оқыў курслары ушын "Жаслар орайы" имаратларынан ханалар ажыратыў. | 2026-жыл даўамында | *Жаслар агентлиги қаржылары есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, Санлы технологиялар басқармасы |
| **IV. Өзбеккосмос пенен биргеликте әмелге асырылатуғын жумыслар** | | | | | |
| 9. | Өзбеккосмос пенен биргеликте заманагөй кәсиплерге қызығыўшылығы бар болған жаслар ушын **семинар-тренинглар** шөлкемлестириў. | 1. Заманагөй кәсиплерге қызығыўшылығы бар болған жаслар ушын семинар-тренинглар өткерилиўин социал тармақлар арқалы дағазалаў;<br>2. Семинар-тренингқа жаслардың қатнасын тәмийнлеў;<br>3. Өткерилген семинар-тренинг иләжларын ғалаба хабар қураллары арқалы жарытыў. | 2026-жыл даўамында | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы, Санлы технологиялар басқармасы, IT парк Қарақалпақстан филиалы |
| **V. Тараўға илимий жаңалық *(Қарақалпақстан тәжирийбеси)* киритиў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар** | | | | | |
| 10. | Нөкис қаласы хәм барлық районлардағы дем алыў орайларында **"Ашық аспан астындағы китапханалар"**ды шөлкемлестириў. | 1. Нөкис қаласы хәм районлардағы дем алыў орайлары дизимин қәлиплестириў;<br>2. Дизим тийкарында дем алыў орайларына қурылатуғын объект жойбар смета хүжжетлерин ислеп шығыў;<br>3. Қурылыс ислерин алып барыў хәм пайдаланыўға тапсырыў;<br>4. "Ашық аспан астындағы китапханалар"ды өзбек хәм жәҳән әдебияты шығармалары менен тәмийинлеў;<br>5. Пайдаланыўға тапсырылған объектлерде ҒХҚ хәм социал тармақлар арқалы жарытыў. | 2026-жыл Февраль<br>Ферваль – март<br><br>2-3 шерек даўамында<br>4-шерек<br><br>Жыл дауамында | *Жаслар ислерис агентлиги қаржылары, Қәўендерлер есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, Қала хәм район ҳәкимлиги, |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| 11. | **“Жаслар келешегимиз”** фонды менен биргеликте исбилерменликке қызығыўшы жасларға бизнес сырларын үйретиў мақсетинде "**Бизнес клуб**" жойбарын әмелге асырыў. | 1. **"Бизнес клуб"** жойбарын шөлкемлестириў бойынша қоспа қарар, нызам ҳәм бағдарламасын ислеп шығып, тасыйықлаў;<br>2. Исбилерменликке қызығыўшы жаслар дизимин қәлеплестириў ҳәм оларды оқыў курсларына қамтыў;<br>3. Оқыў курсларын тамамлаған жасларға өз исбилерменлигин баслаў ушын әмелий жәрдем көрсетиў. | 2026-жыл Январь<br><br>ҳәр шеректе<br><br>2026-жыл даўамында | *Жаслар агентлиги қаржылары есабынан* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Саўда-санаат палатасы,<br>Салық басқармасы |
| 12. | Жаслардың китапқа болған меҳрин арттырыў мақсетинде "**Китапқумарлар орталығы**" атамасында китапкумарлар кешелерин шөлкемлестириў. | 1. Нөкис қаласындағы **"Жаслар орайы"**нда ҳәр ҳәптениң шемби күни китапқумарлар ушырасыўларын шөлкемлестириў;<br>2. **"BookCast"** атамасында подкаст түсириў ҳәм оны YouTube, Instagram платформалары арқалы жаратыў. | 2026-жыл даўамында | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы |
| 13. | Өзбекстан Республикасы Ғәрезсизлигиниң 35-жыллығы мүнәсибети менен **ең алыс аймақлардағы мәҳәллелерде "Жаңа Өзбекстан жасларымыз!"** ураны астында **жаслар фестивалы** шөлкемлестириў. | 1. Фестивалдың илажлар режеси ҳәм концепциясын ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў;<br>2. Қарақалпақстан Республикасын-дағы ең алыс аймақлардағы "Қарақалпақстан", "Қазақдәрья", "Белтаў", "Чукурқоқ", "Жамбасқала", "Қаратаў", "Койбақ", "Аспантай" мәҳәллелеринде эстрада қосықшысы, актёр ҳәм блогерлердиң дизимин қәлиплестириў ҳәм олардың қатнасыўында "Сиз сүйген қаҳарманлар" ушырасыўларын шөлкемлестириў;<br>3. Өткерилген илажларды ҒХҚ арқалы жарытыў. | 2025-жыл Июнь<br><br>Июль | *Жаслар агентлиги қаржылары, районлық жергиликли бюджет қаржылары есабынан* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Мәдeният министрлиги,<br>Тийисли министрлик ҳәм уйымлар,<br>Район (қала)лық ҳәкимликлери |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик хәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **VI. Тараўға грант киргизиў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар** | | | |
| 14. | Жаслардың социаллық хәм экономикалық раўажланыўына қаратылған жойбарлар, дөретиўшилик хәм билимлендириўге байланыслы жойбарларды қаржыландырыў мақсетинде **халықаралық хәм мәмлекетлик** *(мәмлекетлик емес)* **шөлкемлердиң грантларына** қатнасыў. | 1. Жаслар ислери басқармасы тәрепинен грант жойбарларын ислеп шығыў;<br>2. Ислеп шығылған жойбарларды халықаралық хәм мәмлекетлик *(мәмлекетлик емес)* шөлкемлерге жибериў;<br>3. Ислеп шығылған жойбарлар тийкарында грант жеңип алыў илажларын көриў. Бунда:<br>- Қарақалпақстан Республикасы Жаслар ислери басқармасы;<br>- Нөкис қаласы;<br>- Әмиўдарья районы;<br>- Беруний районы;<br>- Бозатаў районы;<br>- Елликқала районы;<br>- Кегейли районы;<br>- Қанлыкөл районы;<br>- Қараөзек районы;<br>- Қоңырат районы;<br>- Мойнақ районы;<br>- Нөкис районы;<br>- Тақыятас районы;<br>- Тахтакөпир районы;<br>- Төрткул районы;<br>- Хожели районы;<br>- Шоманай районы;<br>- Шымбай районы;<br>- Мәҳәлле жаслар жетекшилери. | 2026-жыл даўамында<br><br>1-шерек 480 000 доллар<br><br>2-шерек 910 000 доллар<br><br>3-шерек 1 200 000 доллар<br><br>4-шерек 910 000 доллар | Грант қаржылары есабынан<br><br>**Жәми:**<br>**3 500 000 доллар**<br><br>Соннан:<br>126 000 доллар<br>44 000 доллар<br>36 000 доллар<br>36 000 доллар<br>16 000 доллар<br>37 000 доллар<br>25 000 доллар<br>22 000 доллар<br>25 000 доллар<br>32 000 доллар<br>19 000 доллар<br>23 000 доллар<br>23 000 доллар<br>19 000 доллар<br>36 000 доллар<br>32 000 доллар<br>18 000 доллар<br>31 000 доллар<br>2 900 000 доллар | Жаслар ислери басқармасы |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| **VII. Тараўға инвестиция киритиў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар** | | | | | |
| 15. | Жаслардың социаллық ҳәм экономикалық раўажланыўына қаратылған жойбарлар, дөретиўшилик ҳәм билимлендириўге байланыслы жойбарларды қаржыландырыў мақсетинде **Green Climate Fund (GCF), OPEC Fund for International Development, Saudi Fund for Development (SFD), Asian Development Bank (ADB), World Bank Group, GIZ халықаралық ҳәм мәмлекетлик** *(мәмлекетлик емес)* **шөлкемлердиң инвестициясын** киргизиў. | 1. Жаслар ислери басқармасы тәрепинен инвестиция жойбарларын ислеп шығыў;<br>2. Ислеп шығылған жойбарларды халықаралық ҳәм мәмлекетлик *(мәмлекетлик емес)* шөлкемлерге жибериў;<br>3. Ислеп шығылған жойбарлар тийкарында инвестиция қамтып алыў илажларын көриў.<br>Бунда:<br>- Қарақалпақстан Республикасы Жаслар ислери басқармасы;<br>- Нөкис қаласы;<br>- Әмиўдарья районы;<br>- Беруний районы;<br>- Бозатаў районы;<br>- Елликқала районы;<br>- Кегейли районы;<br>- Қанлыкөл районы;<br>- Қараөзек районы;<br>- Қоңырат районы;<br>- Мойнақ районы;<br>- Нөкис районы;<br>- Тақыятас районы;<br>- Тахтакөпир районы;<br>- Төрткул районы;<br>- Хожели районы;<br>- Шоманай районы;<br>- Шымбай районы. | 2026-жыл даўамында<br><br>1-шерек 150 000 доллар<br><br>2-шерек 300 000 доллар<br><br>3-шерек 300 000 доллар<br><br>4-шерек 250 000 доллар | Инвенстиция жойбарлары есабынан<br><br>**Жәми: 1 000 000 доллар**<br><br>Соннан:<br><br>72 000 доллар<br><br>59 000 доллар<br>58 500 доллар<br>58 000 доллар<br>36 000 доллар<br>59 000 доллар<br>57 000 доллар<br>57 000 доллар<br>56 000 доллар<br>56 000 доллар<br>47 000 доллар<br>56 000 доллар<br>57 000 доллар<br>51 000 доллар<br>58 500 доллар<br>58 000 доллар<br>48 000 доллар<br>56 000 доллар | Жаслар ислери басқармасы |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик хәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| **VIII. Республика дәрежесинде шешилиўи тийис болған машқалалы мәселелер.** | | | | | |
| 16. | 2026-жыл **Төрткүл** хәм **Әмиўдәрья** районында «**Жаслар орайы**»н пайдаланыўға тапсырыў.<br>Бунда, онда объектлерди қурып, пайдаланыўға тапсырыўға байланыслы қәрежетлер нызамшылықта қадаған етилмеген қаржылар есабынан, үскенелеўге байланыслы қәрежетлер Жаслар ислери агентлигине ажыратылған қаржылар шеңберинде әмелге асырыў. | **1.** Төрткүл хәм Әмиўдәрья районында қурылатуғын "Жаслар орайы" жойбар смета хүжжетлерин ислеп шығыў хәм қурып, пайдаланыўға тапсырыўға байланыслы қәрежетлер дерегин белгилеў;<br>2. "Жаслар орайы" имаратының қурылысы ушын жер майданын ажыратыў;<br>3. Қурылыс ислерин алып барыў хәм пайдаланыўға тапсырыў. | 2026 жыл Реже тийкарында | *Жуўапкер шөлкем хәм мәкемелер қаржылары есабынан* | Министрлер Кеңеси,<br>Қурылыс министрлиги,<br>Жаслар ислери басқармасы,<br>Төрткүл районы хәкимлиги,<br>Әмиўдәрья районы хәкимлиги, |
| **IX. Тараўды раўажландырыўда тосқынлық етиўши машқалалар.** | | | | | |
| 17. | Мәхәлледеги жаслар жетекшилериниң искерлигин санластырыў мақсетинде “**Жетекши” платформа**сын иске түсириў. | 1. Платформа концепциясын ислеп шығыў хәм тийисли мағлыўматларды кәлиплестириў;<br>2. “Premium Soft” ЖШЖ платформаны ислеп шығыўға буйыртпа бериў;<br>3. Платформаны иске түсириў хәм жаслар жетекшилерниң искерлигин мониторинг етиў. | 2026-жыл Январь<br><br>Реже тийкарында | *Жаслар ислери агентлиги қаржылары есбаынан* | Жаслар ислери агентлиги |
| 18. | Төменги Әмиўдәрья регионы хәм Аралбойы аймақлары мәдениятына тән болған миллий липасларды өз-ара үйлестирген "**Қаратеренг-марвариди**" модалар фестивалын шөлкемлестириў. | 1. Фестивалдың илажлар режеси хәм концепциясын ислеп шығыў хәм тастыйықлаў;<br>2. Илажды жоқары дәрежеде өткериў хәм белсене қатнасқан жас дизайнерлерди хошаметлеў;<br>3. Илажды ҒХҚ арқалы сәўлелендириў. | 2026-жыл реже тийкарында | *Қарақалпақстан Республикасы жергиликли бюджети есабынан, Жаслар ислери агентлиги есабынан* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Мәдeният министрлиги,<br>Туризм басқармасы,<br>Өнерментлер бирлеспеси,<br>Тийисли министрликлер хәм уйымлар,<br>Район (қала)лық хәкимликлери |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| **VIII. Жасларды социаллық коллап-қуўатлаў, жумыссыз жаслардың бәнтлигин тәмийинлеў ҳәм оларды исбилерменликке тартыў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар** | | | | | |
| 19. | Жаслардың машқалаларын шешиў ҳәм басламаларын қоллап-қуўатлаў мақсетинде «**Ҳәким ҳәм жаслар**» ушырасыўларын шөлкемлестириў. | 1. "Ҳәким ҳәм жаслар" ушырасыўларының кестесин ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў;<br>2. Ҳәр айда бир мәрте «Ҳәким ҳәм жаслар» ушырасыўларын шөлкемлестириў;<br>3. Ҳәкимлер ҳәм жуўапкер басшылар тәрепинен жаслардың усыныс, баслама ҳәм машқалалары менен танысып, оларға әмелий жәрдем көрсетиў. | 2026-жыл январь<br><br>Ҳәр айда бир мәрте<br><br>Реже тийкарында | *Қаржы талап етилмейди* | Министрлер Кеңеси,<br>Жаслар ислери басқармасы,<br>Қала ҳәм район ҳәкимлиги |
| 20. | Жаслар арасында шет елде билим алыў ҳәм миграцияға болған түсиникти еледе қәлиплестириў ҳәмде шет елде оқып ҳәм жумыс ислеп атырған жаслардың турмыс тәризи менен жергиликли жасларымызды жақыннан таныстырыў мақсетинде онлайн ушырасыўлар шөлкемлестириў. | 1. Ушырасыў графигин ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў;<br>2. Шет елдиң алдағы оқыў орынларында оқып атырған жаслардың дизимин қәлиплестириў;<br>3. Ушырасыўларды шөлкемлестириў ҳәм социал тармақларда жарытыў. | 2026-жыл январь<br>Ҳәр шеректе бир мәрте<br><br>Реже тийкарында | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Миграция агентлиги |
| 21. | Жумыссыз жаслардың бәнтлигин тәмийинлеўге көмеклесиў мақсетинде «**Жаслар бәнтлик бағдарламасы**»ның орынланыўын тәмийинлеў. | 1. Хатлаў нәтийжесинде анықланған 7,2 мың жумыссыз жасларды министрлик, мәкеме ҳәм шөлкемлер басшыларына бириктириў;<br>2. Жумыссыз жаслардың бәнтлигин тәмийинлеў мақсетинде «Жаслар бәнтлик бағдарламасы»н ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў;<br>3. «Жаслар бәнтлик бағдарламасы» тийкарында жумыссыз жаслардың бәнтлигин тәмийинлеў илажларын көриў. | 2026-жыл февраль<br><br>март<br><br>2026-жыл даўамында | *Қаржы талап етилмейди* | Министрлер Кеңеси,<br>Жаслар ислери басқармасы,<br>Кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министрлиги,<br>Қала ҳәм район ҳәкимлиги<br>Тийисли министрлик ҳәм шөлкемлер |

| Т/с | Илəжлардың атамасы | Əмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳəм мəкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| 22. | **Тəрбиясы аўыр ҳəм ҳуқықбузарлық еткен жаслар** менен системалы ислесиў мақсетинде **ҳуқық қорғаў ҳəм қорғаныў уйымларына бириктириў.** | 1. Ишки ислер министрлиги тəрепинен тəрбиясы аўыр ҳəм ҳуқықбузарлық ислеген жаслардың дизимин қəлиплестириў ҳəм ҳуқық қорғаў уйымларына “Аталық”қа бириктириў;<br>2. Бириктирилген жаслар менен турақлы түрде профилактикалық илажларды өткериў ҳəм оларға əмийелий жəрдем көрсетиў. | 2026-жыл февраль<br><br>2026-жыл даўамында | *Есап-китаплар бойынша* | Министрлер Кеңеси,<br>Жаслар ислери басқармасы,<br>Прокуратура,<br>Арқа-Батыс əскерий округи,<br>Ишки ислер министрлиги,<br>Миллий гвардия басқармасы,<br>Айрықша жағдайлар басқармасы |
| 23. | Жаслардың исбилерменлик идеялары ҳəм басламаларын қоллап-қуўатлаў, жойбарларын əмелге асырыўға жəрдемлесиў арқалы жаслардың бəнтлигин тəмийинлеў. | 1. Исбилерменлик идеялары ҳəм басламалары бар жаслар дизимин қəлиплестириў;<br>2. Скорингдан унамлы өткен жаслардың жойбарларын коммерциялық банклерге инам етиў;<br>3. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2025-жыл 14-февраль күнги ПҚ-60-санлы, ПҚ-61-санлы ҳəм ПҚ-62-санлы қарарлары тийкарында имтиязлы кредит ажыратыў. | 2026-жыл даўамында | *Коммерциалық банклериниң кредит қаржылары есабынан* | Жаслар ислери басқармасы<br>Орайлық банк басқармасы,<br>“Алоқа банк”, “Миллий банк”,<br>“Агро банк”, “Асака банк”,<br>“Бизнести раўажландырыў банки”, “Туран банк”,<br>Микрокредит банк”, “Санаат қурылыс банк”,<br>“Халық банк” |
| 24. | Тəлимниң кейинги басқышына қамтып алынбаған питкериўшилердиң бəнтлигин тəмийинлеўге көмеклесиў мақсетинде «**Мəнзилли реже»**синиң орынланыўын тəмийинлеў. | 1. Жумыссыз питкериўшилеридиң дизимин қəлиплестириў ҳəм олардың бəнтлигин тəмийинлеў бойынша «Мəнзилли реже»син ислеп шығыў;<br>2. Мəнзилли режеге тийкарында 14 мыңға жақын жумыссыз питкериўшилердиң бəнтлигин тəмийинлеў илажларын көриў. | 2026-жыл сентябрь<br><br>декабрь | Қаржы талап етилмейди | Кəмбағаллықты қысқартыў ҳəм бəнтлик министрлиги,<br>Мектепке шекемги ҳəм мектеп билимлендириў министрлиги,<br>Кəсиплик билимлендириў агентлиги,<br>Жоқары оқыў орынлары,<br>Жаслар ислери басқармасы,<br>Қала ҳəм район ҳəкимлиги, |
| 25. | Жетисkенликке ерисkен исбилерменлер қатнасыўында **“Бизнес марафон”** ҳəм **“Агро марафон”** жойбарларын шөлкемлестириў. | 1. Өз мийнети менен үлкен жетискенликлерге ерискен атақлы шахслар *(исбилерменлер, өнерментлер, фермерлер)* дизимин қəлиплестириў.<br>2. Ушырасыўлар өткериў графигин ислеп шығыў ҳəм өткериў орнын белгилеў.<br>3. Жойбарды шөлкемлестириў ҳəм социаллық тармақларда жарытыў. | 2026-жыл январь<br><br>Февраль<br><br>Реже тийкарында | *Жаслар ислери агентлиги қаржылары есабынан* | “Жаслар – келешегимиз” фонды,<br>Саўда-саннат палатасы |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| **IX. Жасларды әскерий-ўатансүйиўшилик руўхында тәрбиялаў ҳәм идеологиялық иммунитетин беккемлеў, ҳуқықый саўатқанлығын арттырыў, олар арасында жынаятшылық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын алыўға қаратылған үгит-нәсиятлаў жөнелиси бойынша** | | | | | |
| 26. | **«Армия ҳәм жаслар»** жойбарын шөлкемлестириў. | 1. Жойбар концепциясын ислеп шығыў ҳәм илажлар бағдарламасын тастыйықлаў;<br>2. Иләжлар бағдарламасына тийкар жойбарды шөлкемлестириў ҳәм социаллық тармақларда жарытыў.<br>3. Жойбар шеңберинде «Генерал ҳәм жаслар» ушырасыўларын өткериў. | 2026-жыл январь<br><br>Реже тийкарында | *Орынлаўшылар қаржылары есабынан* | Қорғаныў басқармасы,<br>Мәдeният министрлиги,<br>Жаслар ислери басқармасы, |
| 27. | Жасларды әскерий-спорт ойынлары арқалы ўатансүйиўшилик руўхында тәрбиялаў мақсетинде **«Сунқарлар»** әскерий-ўатансүйиўшилик спартакиадасын өткериў. | 1. Әскерий спорт жарыслардың сектор ҳәм район (қала) басқышларын өткериў.<br>2. Жарыслардың ҚР басқышын өткериў, жеңимпазларды хошаметлеў ҳәм ғалаба хабар қураллары арқалы жарытыў. | Айрықша реже тийкарында | *Орынлаўшылар қаржылары есабынан* | Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги,<br>Кәсиплик билимлендириў агентлиги,<br>жоқары оқыў орынлары,<br>Жаслар ислери басқармасы,<br>Ҳуқық қорғаў уйымлары |
| 28. | Жаслар арасында әскерий спорт жарысларын өткериўди ғалаба ең жайдырыў, оларды мәрт, батыр ҳәм ҳәр тәреплеме саламат болыўына қаратылған **"Шижоат ва ғайрат"** әскерий-спорт жарысын шөлкемлестириў | 1. Жарысты өткериў тәртиби ҳәм бағдарламасын ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў.<br>2. Жарыстың мәҳәлле – районлық – аймақлық басқышларын жоқары дәрежеде өткериў.<br>3. Жарыстың Қарақалпақстан Республикалық басқышы жеңимпазларын сыйлықлаў ҳәм жарыс процессин ҒХҚда сәўлелендириў. | 2026-жыл<br><br>Апрел<br><br>Июль | *Қарақалпақстан Республикасы жергиликли бюджети есабынан, Қәўендерлер есабынан* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Мәҳәллелер аўқамы басқармасы,<br>Арқа-Батыс әскерий округи,<br>Қала ҳәм район ҳәкимлиги |
| **X. Жаслардың бос ўақытларын мазмунлы шөлкемлестириў ҳәм оларды «Бес баслама олимпиадасы»на қамтып алыў жөнелис бойынша** | | | | | |
| 29. | Мәҳәлле жаслары арасында **«Бес баслама олимпиадасы»**н шөлкемлестириў. | 1. Исши топарды қәлиплестириў, ғалаба хабар қураллары ҳәм социаллық тармақларда дағазалар бериў арқалы үгит-нәсият жумысларын алып барыў.<br>3. Жарыслардың мәҳәлле, сектор ҳәм район (қала) басқышларын өткериў. | 2026-жыл Айрықша реже тийкарында | *Есап-китаплар тийкарында*<br><br>*аймақлық "Жаслар дәптери" фонды есабынан* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Спорт министрлиги,<br>Мәденият министрлиги,<br>Камбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министрлиги,<br>Санлы технологиялар басқармасы, |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик хәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 4. Жарыстың Қарақалпақстан Республикасы басқышын өткериў, жеңимпазларды хошаметлеў. | | | Жазыўшылар аўқамы |
| 30. | **«Наўрыз»** улыўмахалықлық байрамы мүнәсибети менен **«Қәдирият хәм жаслар»** жойбарын шөлкемлестириў. | 1. Иләжлар режесин хәм концепциясын ислеп шығыў.<br>2. Реже тийкарында жойбар хәм илажларды жоқары дәрежеде шөлкемлестириў, ҒХҚ арқалы жарытыў. | 2026-жыл март | *Қала, районлық "Жаслар дәптери" фонды есабынан* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Мәдeният министрлиги,<br>Тийисли министрликлер хәм уйымлар,<br>Район (қала)лық хәкимликлери |
| 31. | Жоқарғы оқыў орынлары студентлери арасында «**Студентлер бәхәри**» фестивалын шөлкемлестириў. | 1. Жойбарды шөлкемлестириў бойынша Министрлер Кеңеси баянламасын ислеп шығыў хәм тастыйықлаў.<br>2. Бағдарлама тийкарында илажларды жоқары дәрежеде өткериў.<br>3. Илажды ҒХҚ арқалы кеңнен жарытыў. | 2026-жыл апрель | *Орынлаўшылар қаржылары есабынан* | Министрлер Кеңеси,<br>Жаслар ислери басқармасы,<br>Жоқарғы оқыў орынлары |
| 32. | Жаслар арасында «**Жасыл мәкан»** улыўмамиллий жойбарын шөлкемлестириў | 1. 2026-жыл бәхәр мәўсиминде жаслар тәрепинен 5 мың хәм гүзги мәўсимде 5 мың дана саяманлы, мийўели терек хәм путалардың нәллерин егиўди тәмийинлеў.<br>2. Әмелге асырылған жумыслар бойынша ҒХҚларда жарытыў. | 2026-жыл март-май | *Орынлаўшылар қаржылары есабынан* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Өзбекстан мәхәллелери аўқамы |
| 33. | **«Таза қала» (таза аймақ)** ғалабалық көклемзарластырыў акциясын шөлкемлестириў. | 1. Министрлер Кеңеси баянламасы жойбарын ислеп шығыў, исши топарды дүзиў хәм илажлар режесин тастыйықлаў.<br>2. Исши-топар тәрепинен абаданластырыў жумыслары әмелге асырылатуғын аймақларды анықлаў.<br>3. "Кеўилли жаслар" үгит-нәсиятлаў топарларын шөлкемлестириў арқалы акцияда қатнасатуғын жаслардың дизимин қәлиплестириў хәм оларды топарларға бириктириў. | 2026-жыл апрель | *Аймақлық "Жаслар дәптери" фонды есабынан* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Тийисли министрликлер хәм уйымлар |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 4. Анықланған аймақларда абаданластырыў ҳәм көклемзарластырыў жумысларын әмелге асырыў. | | | |
| 34. | 30-июнь – «**Жаслар күни**» мүнәсибети менен «**Жаңа Өзбекстан жаслары, бирлесейик!**» ураны астында «**Жаслар айлығы**»н шөлкемлестириў. | 1. Фестивальдың иләжлар режеси, концепциясын ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў.<br>2. Реже тийкарында жойбар ҳәм иләжларды шөлкемлестириў.<br>3. Таңлаў ҳәм жарысларда белсене қатнасқан жасларды хошаметлеў ҳәм ҒХҚ арқалы жарытыў. | 2026-жыл июнь | *Қарақалпақстан Республикасы жергиликли бюджети есабынан* | Жаслар ислери басқармасы,<br>Мәдeният министрлиги,<br>Тийисли министрликлер ҳәм уйымлар,<br>Район (қала)лық ҳәкимликлери |
| 35. | Ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласынан ең қәбилетли жас художниклер, шайыр ҳәм жазыўшылар қатнасыўында **"Ақшакөл илҳамлары"** дөретиўшилик таңлаўларын өткериў. | 1. Таңлаў нызамын ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў.<br>2. Реже тийкарында таңлаўды шөлкемлестириў.<br>3. Таңлаўда белсене қатнасқан жасларды хошаметлеў ҳәм ҒХҚ арқалы жарытыў. | 2026-жыл апрель | *Орынланыўшылар қаржылары есабынан* | Министрлер Кеңеси,<br>Жазыўшылар аўкамы,<br>Көркем-өнер академиясы,<br>Жаслар ислери басқармасы |
| 36. | Халық көп жыйналатуғын орынлар, парк ҳәм дем алыў орайларында "**Әдиллик сейили**" ҳуқуқый акциясын өткериў | 1. Иләжлар режеси ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў.<br>2. Реже тийкарында жойбар ҳәм иләжларды шөлкемлестириў.<br>3. Таңлаў ҳәм жарысларда белсене қатнасқан жасларды хошаметлеў ҳәм ҒХҚ арқалы жарытыў. | 2026 жыл декабрь | *Орынланыўшылар қаржылары есабынан* | Әдиллик министрлиги,<br>Жаслар ислери басқармасы |
| **XI. Қәбилетли жасларды қоллап-қуўатлаў, интеллектуаллық билим дәрежесин асырыў жөнелиси бойынша** | | | | | |
| 37. | Мәҳәллелерде «**Билимданлар беллесиўи»** интеллектуаллық ойынының Қарақалпақстан Республикасы бириншилигин шөлкемлестириў. | 1. Таңлаў режесин ислеп шығыў ҳәм ойын ушын зәрүр болған сораўларды таярлаў.<br>2. Интеллектуаллық ойынларға жасларды тартыў ҳәм оны жоқары дәрежеде шөлкемлестириў, жеңимпаз болған командаларды сыйлықлаў. | 2026-жыл даўамында | *Аймақлық "Жаслар дәптери" фонды есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| 38. | Жаслардың әдебиятқа болған қызығыўшылықларын арттырыў мақсетинде **айтыс бойынша “Бәйги”** таңлаўын шөлкемлестириў. | 1. Таңлаў режесин ислеп шығыў ҳәм қатнасыўшылардың дизимин қәлиплестириў;<br>2. Таңлаўды шөлкемлестириў ҳәм ҒХҚ арқалы жарытыў. | 2026-жыл даўамында | *Аймақлық “Жаслар дәптери” фонды есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, Мәдeният министрлиги |
| 39. | Жас ҳаял-қызлардың исбилерменлик көнликпелерин қәлиплестириў мақсетинде «**Қызлар академиясы**» платформасын кеңейтиў. | 1. «**Қызлар академиясы**» платформасын мәҳәлле ҳәм билимлендириў мәкемелеринде үгит-нәсиятлаў.<br>2. «**Қызлар академиясы**» платформасына **25 мың** хаял-қызларды қамтып алыў ҳәмде исбилерменлик, маркетинг, график-дизайн, ҳуқық ҳәм заманагөй кәсиплерге оқытыўды шөлкемлестириў. | 2025-жыл даўамында | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы, Шаңарақ ҳәм ҳаял-қызлар комитети, Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги, |
| 40. | Жасларға заманагөй кәсиплерди онлайн үйретиў мақсетинде **«Ustoz AI»** платформасынан пайдаланыўды еледе кең жайдырыў. | 1. **«Ustoz AI»** платформасын мәҳәлле ҳәм билимлендириў мәкемелеринде үгит-нәсиятлаў.<br>2. **«Ustoz AI»** платформасы арқалы заманагөй кәсиплерди онлайн бийпул үйрениўге **15 мың** жасларды қамтып алыў | 2025-жыл даўамында | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы, Камбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министрлиги |
| 41. | Жасларға шет тиллерин онлайн үйретиў мақсетинде **«Ibrat farzandlari»** платформасынан пайдаланыўды еледе кең жайдырыў. | 1. **«Ibrat farzandlari»** платформасын мәҳәлле ҳәм билимлендириў мәкемелеринде үгит-нәсиятлаў.<br>2. **«Ibrat farzandlari»** платформасы арқалы **23 шет тиллерин онлайн бийпул** үйрениўге **180 мың** жасларды тартыў. | 2025-жыл даўамында | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы, Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги, |
| 42. | Жас әўладты китап оқыўға қамтып алыў, китапқумарлық орталығын жаңа басқышқа алып шығыў мақсетинде **«Mutolaa»** платформасынан пайдаланыўды еледе ең жайдырыў. | 1. «**Mutolaa»** платформасына қарақалпақ тилиндеги электрон китап ҳәм аудио китапларды жайластырыў илажларын көриў;<br>2. «**Mutolaa»** мобил қосымшасына **75 мың** жасларды кеңнен қамтып алыў | 2025-жыл даўамында | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы, Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги, |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик хәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| 43. | Жасларға шахматты онлайн бийпул, тез хәм аңсат үйретиў мақсетинде **«Uzchess»** платформасынан пайдаланыўды еледе кең жайдырыў. | 1. «**Uzchess»** платформасын мәҳәлле хәм билимлендириў мәкемелеринде үгит-нәсиятлаў.<br>2. «**Uzchess»** платформасына **10 мың** жасларды кеңнен қамтып алыў. | 2025-жыл даўамында | *Қаржы талап етилмейди* | Жаслар ислери басқармасы, Спорт министрлиги, Мектепке шекемги хәм мектеп билимлендириў министрлиги, |
| 44. | Мәҳәлле жаслары арасында «**Қўнақлар хәм зийреклер»** таңлаўын шөлкемлестириў. | 1. Исши топарды қәлиплестириў, ҒХҚ хәм социаллық тармақларда кеңнен үгит-нәсиятлаў.<br>2. Таңлаўды жоқары дәрежеде өткериў хәм жеңимпазларды хошаметлеў. | 2026-жыл июль-август (график тийкарында) | *Аймақлық “Жаслар дәптери” фонды есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, «Қуўнақлар хәм зийреклер» ассоциациясы, Мәдeният министрлиги |
| 45. | **«Жылдың ең үлгили мәҳәлле жаслары жетекшиси»** таңлаўының аймақлық басқышын өткериў. | 1. Таңлаўдың шөлкемлестириў комитетин дүзиў хәм режесин ислеп шығыў.<br>2. Таңлаўдың район (қала) басқышын өткериў.<br>3. Жеңимпазларды хошаметлеў хәм таңлаўды ҒХҚ арқалы жарытыў. | 2026-жыл ноябрь-декабрь | *Аймақлық “Жаслар дәптери” фонды есабынан* | Жаслар ислери басқармасы, Өзбекстан мәҳәллелери аўқамы |
| 46. | Мәҳәлле жаслары жетекшилери арасында **«Жетекшилер спартакиадасы»**н шөлкемлестириў. | 1. Исши топарды қәлиплестириў ҒХҚ хәм социаллық тармақлар арқалы үгит-нәсият жумысларын алып барыў.<br>2. Жарыслардың мәҳәлле, сектор хәм район (қала) басқышларын өткериў.<br>3. Жарыстың ҚР басқышын өткериў, жеңимпазларды хошаметлеў хәм ҒХҚ арқалы жарытыў. | 2026-жыл ноябрь-декабрь | *Аймақлық “Жаслар дәптери” фондынан* | Жаслар ислери басқармасы, Спорт министрлиги, Мәдeният министрлиги |
| **XII. Жаслар арасында ийгиликли идеяларды үгит-нәсиятлайтуғын көркем хәм медиа жойбарларды әмелге асырыў, ғалабалық контентлер жаратыў хәм оларды ен жайдырыў.** | | | | | |
| 47. | Шетки аймақтағы жаслардың турмысын жарытыў мақсетинде «**Аралдағы теңлесим»** темасындағы жаслар медиа экспедицияларын шөлкемлестириў. Бул жасларды үлги сыпатында көрсетиў илажларын көриў. | 1. Шетки аймақлардағы жетискенликке ерискен жаслар дизимин қәлиплестириў;<br>2. Дизим тийкарында басқышпа-басқыш қысқа метражлы көрсетиў хәм роликлер таярлаў;<br>3. Таярланған материалларды ҒХҚ арқалы жарытыў. | 2026-жыл Апрель<br><br>Жыл даўамында | *Аймақлық “Жаслар дәптери” фонды есабынан* | Жаслар ислери агентлиги, Мәдeният министрлиги, Жазыўшылар аўқамы |

| Т/с | Иләжлардың атамасы | Әмелге асырыў механизми | Орынланыў мүддети | Талап етилетуғын қаржы | Жуўапкер министрлик ҳәм мәкемелер |
|---|---|---|---|---|---|
| 48. | **"Аңсат"** илимди әпиўайы етип түсиндиремиз жойбарын әмелге асырыў. | 1. Балаларға илим-пәнди әпиўайы етип түсиндириў мақсетинде **қысқа видеороликлер** *(60-180 секунд)*, **анимациялар** *(сызылған ҳәм 2Д)*, **Сторйтеллинг** *(гүрриң арқалы пәнди түсиндириў)*, **"Эксперимент үйде"** - әмелият видеоларын таярлаў;<br>2. Таярланған роликлерди YouTubee, Telegram, Facebook арқалы тарқатыў | 2026-жыл даўамында | *Аймақлық "Жаслар дәптери" фонды есабынан* | Жаслар ислери агентлиги, Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги |
| 49. | **"Балалар сахнасы"** атлы балалар ушын контент жаратыў. | 1. 3-5 минутлы қысқа видеоскетчлер, мини-комедиялар, балалар театр сахналары, қаҳарманлар арқалы сабақлар *(анимация ямаса актёрлар қатнасыўында)* жаратыў.<br>2. Төмендеги темаларды қамтып алыў:<br>"**Достым**" - түрли миллет балаларының дослығы сәўлеленген гүрриңлер;<br>"Киши өтириктиң үлкен ақыбети" - балаларга расгөйлик ҳәм ҳадаллықтың әҳмийетин ҳәзил менен түсиндириў;<br>"Ўатан - үйим" - ўатанға муҳаббат темасына садық ҳәм пидайы бала қаҳарманлары;<br>"Бирге - күшлимиз!" - жәмийетлик жумыслар ҳәм аўызбиршилик ҳаққында ҳәзил менен берилген унамлы мысаллар.<br>3. YouTubee, Telegram, Facebook платформаларында тарқатыў. | 2026-жыл даўамында | *Аймақлық "Жаслар дәптери" фонды есабынан* | Жаслар ислери агентлиги, Мәденият министрлиги, Мектепке шекемги ҳәм мектеп билимлендириў министрлиги |

| | | |
|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Комитет баслығы** | **Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының Орынбасары** | **Қарақалпақстан Республикасы Жаслар ислери басқармасы Баслығы** |
| **_______________ М.Атамуратов** | **_______________ Б.Отемуратов** | **_______________ П.Махсетбаев** |
| **«___» январь 2026-жыл** | **«___» январь 2026-жыл** | **«___» январь 2026-жыл** |